

WASTA :

KAPING:

Melak Kembang



Sumber: jurnalistikumsu.wordpress

Ibu resep kana kembang. Téh Nani ogé sami resep kana kembang. Ibu jeung Téh Nani osok melak kembang. Kembang téh aya nu dipelakna dina pot aya nu dina taneuh. Mun dina taneuh, kembang téh dipelak di buruan.

Mun melak kembang, urang kudu daék ngurusna. Pelak kembang téh ulah sina garing. Pelak kembang kudu dicéboran. Kadé poho deuih kudu digemuk. Gemukna bisa dibeuli di toko pertanian.

Mun di kampung mah, di nu ngingu sasatoan, kembang téh sok dibéré pupuk kandang. Di kota mah hésé kandangna ogé. Ku kituna, pelak kembang téh cukup ku pupuk ti toko.

Ari diurusna enya-nya mah, kembang bakal alus jadina. Urang kudu nyaah kana pelak kembang. Pelak kembang téh sarua mahluk ciptan Pangéran.

Ibu téh melak rupa-rupa kembang. Aya kembang malati jeung sedep malem. Aya deui kembang srangéngé, warnana konéng. Kembang eros ogé aya ku matak lucu.

Jaba ti kembang, ibu téh melak kuping gajah jeung lidah buaya. Malah aya seureuh beureum, anu ngareuy kana tuturus. Seureuh beureum alus keur obat najan rasana pait.

Pék jawab pananya ieu di handap! Alusna mah jawabanana dilisankeun!

1. Resep naon Ibu téh?
2. Saha deui nu gaduh karesep kawas Ibu?
3. Ibu sareng Téh Nani osok naon?
4. Di mana dipelakna kembang téh?
5. Kumaha ngurusna kembang téh?
6. Kumaha warnana kembang srangéngé téh?
7. Kumaha rasana seureuh beureum téh?
8. Kembang naon nu maké ngaran sasatoan?
9. Ti mana mun urang rék meuli gemuk?
10. Ari di kampung sok aya gemuk naon?

Menerkeun Kalimah

Contona:

hudang - isuk-isuk - kénéh - hudang - geus - Yudi

Kalimahna: *Isuk-isuk kénéh Yudi geus hudang.*

macul – di kebon – keur–Mang Karya

Kalimahna: _____

ngaput – mesin -- Bi Inah -- dina – keur

Kalimahna: _____

keur—barudak—arulin—di—buruan

Kalimahna: _____

santri—keur—barudak—di masigit – ngaraji

Kalimahna: _____